# QARAQALPAQTÍŃ QARA ÚYI (OTAW):TARIYXÍ, QURÍLÍSÍ HÁM BEZELIWI

**Embergenova Shámengúl,**
*Berdaq atındağı Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı mámleketlik muzeyi XIX ásir Qaraqalpaq ádebiyatı bólimi baslığı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.19606720

***Annotaciya.*** *Bul maqalada qaraqalpaq xalqınıń dástúriy baspanası - qara úy (otaw) dıń tariyxıy qáliplesiwi, qurılıs ózgeshelikleri hám kórkem-bezetiw sisteması hár tárepleme dodalanadı. Avtor qara úydiń tiykarğı bólimleri (kerege, shańaraq, uwıq, ergenek) hám olardı islew texnologiyasın, sonday-aq, úyshi ustalar dástúrin ilimiy jaqtan tiykarlap beredi. Sonday-aq, otawdıń ishki hám sırtqı bezew elementleri, olardıń estetikalıq hám funkcionallıq áhmieti ashıp beriledi. Maqalada qara úydiń qaraqalpaq xalqınıń materiallıq hám ruwxıy mádeniyatındağı ornı, onıń milliy miyras sıpatında saqlanıwı kórsetiledi.*

***Tayanısh sózler:*** *qara úy, otaw, qaraqalpaq mádeniyatı, milliy miyras, úyshi, kerege, shańaraq, basqur.*

***Annotation***. *This article comprehensively discusses the historical formation, construction features, and artistic and decorative system of the traditional dwelling of the Karakalpak people - the yurt (qora uy). The author scientifically substantiates the main components of the yurt (kerege, shanarak, uviq, ergenek) and the technology of their construction, as well as the tradition of yurt makers. Furthermore, the interior and exterior decoration elements of the yurt, along with their aesthetic and functional significance, will be revealed. The article demonstrates the role of the black yurt in the material and spiritual culture of the Karakalpak people and its preservation as a national heritage.*

***Key words:*** *black house, yurt, Karakalpak culture, national heritage, housewife, kerege, family, baskur.*

Hár bir xalıqtıń turmıs saltı hám mádeniy dárejesi onıń jasaw ornı, baspanası menen tığız baylanıslı boladı. Qaraqalpaq xalqınıń dástúrli baspanası – qara úy (otaw) – áyem dáwirlerden beri saqlanıp kelgen materiallıq mádeniyatınıń ayrıqsha úlgisi bolıp tabıladı.

Qara úydiń payda bolıw tuwralı angıq derekler az bolğanı menen, onıń derekleri áyemgi túrkiy qáwimler dáwirine barıp taqalatını anıq. Túrkiy xalıqlar arasında qara úy soğıw dástúri derlik kóplegen xalıqlar da bolğan. Degen menen qaraqalpaq otawı basqa xalıqlarğa salıstırğanda ózine tán qurılısı hám bezeliwi menen ajıralıp turadı[1, B.23].

Qara úy soğıw dástúri qońsılas qazaq, qırğız hám túrkmen xalıqlarında da bar bolğanı menen olar bir-birinen ádewir dárejede ayırmashılıqqa iye. Qaraqalpaqlardıń qara úyi (aq otaw, boz otaw) óz ayrıqshalığı menen basqa xalıqlardan ajıralıp turadı. Qara úydiń ayrım ózgesheligi arqalı qaysı xalıqqa tiyisli ekenligi birden bilinedi. Sonıń ushın da olardıń qurılısında hár bir xalıqqa tán biraz ózgeshelikleri bar.

Xalqımızdıń ózine tán milliy ózgeshelikleriniń eń áyemgisi hám tiykarǵısı qádimgi qara úy bolıp, bul eski miyras esaplanadı. Qaraqalpaqlarda qara úy soǵıw óneri erte dáwirden baslap-aq bar, lekin, bul ónerdiń qashan payda bolǵanlıǵı tuwralı jeterli maǵlıwmatlar az Qaraqalpaqlardıń qara úyi óziniń qurılısı, kórinisi menen basqa xalıqlardıń qara úyinen ádewir ózgeshelikke iye bolıp onı soǵıwshı ustalar «úyshi» dep ataladı hám olar bul kásipti atadan balaǵa úyretip «úyshiler áwladı» dep aytıladı [2, B.47].

Qaraqalpaqstannıń kóplegen rayonlarında tek qara úy soǵıw menen shuǵıllanatuǵın ustalar bolıp, olardıń awılı «úyshi awıl» dep atalǵan. Bunday atamadaǵı awıllar házirgi kúnge shekem saqlanıp qalǵan. Qara úy burınları shıdamlı, iyiwge qolaylı bos jánewit aǵashtan, toǵay taldan tańlap alınıp islengen, sebebi qara úy hár jılı báhárde tigilip, gúzde jıynalatuǵın bolǵanlıqtan shıdamlı, bekkem aǵashtan isleniwi úlken áhmietke iye bolǵan. Sonlıqtan úyshi ustalar qara úy soǵıw ushın aǵashlardı toǵaydan ózleri tańlap, saylap shawıp alǵan.

Qara úydi soǵıw tiykarınan úsh basqıshtan ibarat boladı: birinshi- kerege, ekinshi –shanaraq, yaǵnıy qara úydiń tóbesi, yarım gúmbez kórinisinde, úshinshisi- uwıq. Usı bóleklerdi soǵıw usılı tómendegishe boladı: Toǵaydan saylap kesip alınǵan, qabıǵı qırshılıp keptirilgen aǵashtı kórinisine kólemine qarap ayırıp taqlaydı, juwanınan shańaraq, jińishke uzınlawınan uwıq penen kerege isleydi. Usı aǵashlardı belgili waqıt suwǵa salıp qoyıp, arnawlı pechtiń uzın morısına qoyadı. Bul morı ılaydan islenedi, onıń biyikligi 180 sm, eni 90-100sm. bolıp ishine bir neshe aǵash birden salınadı. Ot jaǵılǵan pechtegi tútinniń tásiri nátiyjesinde suwda turıp jumsarǵan aǵash ansat iyiledi,bunı aǵashtı «ıslaw» deydi. Uwıklar «tez» dep atalǵan arnawlı úskenede iyiledi, olar uzınlıǵı 2 metrden aslamıraq aǵashtan tayarlanadı, bas betinde jip baylanatuǵın tesigi, ushı úshkir kálemshe kórinisli bolıp ulıwma sanı úydiń kólemi menen baylanıslı boladı. Qara úydiń keregesin de «tez»ge salıw menen iyedi. Bul ushın sál iyilgen eki dúziw qada kórinisli aǵash bir-birine biriktiriledi. Kerege menen uwık iyip bolǵannan soń keregeni «kóklew» baslanadı, bunıń ushın keregeni bir neshe jerinen tesip teriden tilingen teletin jip (taspa) menen bir birine biriktiredi, ushları túyiledi, usı kóklew arqalı kerege sozıladı hám jıynaladı. Shanaraq qara úydiń eń áhmietli bólegi bolıp bunı soǵıw usı qara uydiń pitkeninen derek beredi. Qara úydiń shańaraǵı dóngelek gúmbez tárizli 2 qatar juwan hám jińishke sheńberden ibarat, bul qaraqalpaq otawlarınıń basqa xalıqlardıń qara úyinen ózgesheligin bildiretuǵın tiykarǵı belgileriniń biri bolıp usı shanaraqtaǵı eki qatar «toǵın» arqalı ajıralıp turadı. Shańaraqtıń ishi uwıqqa usaǵan jińishke aǵashlar menen 4 ke bólinedi, bul «gúldirewishi», olardı biriktirip turǵanı «saǵanaǵı», aralarındaǵı

kelte úshkir ushlıları «qalekesi» dep ataladı. Bulardıń bári shańaraqtı sulıw etip kórsetiw menen birge bekkemligin saqlaydı. Qara úydiń tórtinshi bólegin, yaǵnıy ergenegin basqa usta soǵatuǵın bolǵan. Ergenek bos aǵashtan islenedi, bir neshe jalpaq taxtayshalar birikpesinen ibarat, oyma naǵıslar menen sırtqı tárepinen bezeledi, ashılǵan waqıtta naǵısı ishke qarap ashıladı, keregege jaqlaw aǵash penen bekitiledi. Ergenek tómendegi «taban aǵash», (bosaǵa) joqarıdaǵı «mańlaysha» dep atalǵan uzınsha taxtaylardaǵı arnawlı oyıqlarǵa kiygiziledi. Aǵashqa naǵıs oyıw óneri qaraqalpaqlarda burınnan bar ónerlerdiń biri bolıp. Aǵashtan islengen bóleklериniń bári qızıl reńdegi topıraq – «josa»ǵa (josa Qarataw átirapındaǵı topıraq) maldıń bawırınıń qanı aralastırılıp boyaladı, bul aǵashqa qurt túsiwden saqlawda hám bezewleri menen reń úylesiminde úlken áhmietke iye bolǵan. Qaraqalpaqlardıń 6,8,12 qanatlı qara úyleri tuwralı jazba, awızsha birqansha maǵlıwmatlarǵa iyemiz. Geyde 5 qanatlı úyler de bolıp bular ılashıq, asxana xızmetin atqarǵan. Ádette, 6 qanatlı úyler jas shańaraqlarǵa arnalıp, úylenetuǵın jigittiń ákesi úyshilerge arnawlı buyırtpa berip soqtırǵan. Al, 8 qanatlı úyler xojalıq aǵzaları kóbeygen soń tigilse, 12 qanatlı úyler awıldıń sırtındaǵı «Másláhát tóbe»ge tigilip onıń ishinde el basshıları, yaǵnıy «el aǵaları» xalıqtıń táǵdirine baylanıslı áhmietli máselerdi sheshiw ushın jıynalatuǵın bolǵan. Buyırtpa menen soǵılǵan qara úydiń súyegi (aǵashtan islengen bólekleri) pitken soń onıń dáskelerin tayarlaw úy biykesiniń wazıypası bolıp, úydi barlıq baw-shuwı menen tolıqtırıp bezew ushın ádewir waqıt ketken. Sebebi, bul bezew buyımlarınıń bári qol menen islengen, yaǵnıy órmekte toqılıp, ishki, sırtqı bezewler bolıp bólinedi.

Qara úydiń eń birinshi hám eń tiykarǵı ishki bezewleriniń biri «aq basqur» dep ataladı. Atınıń ózi úydiń bas bezewi ekenin dáliyllep tur. Bul qoldan urshıqta yamasa sharqta iyirilgen paxta hám jún jipten toqıladı. Uzınına órmekke tartılǵan paxta jip «eris», al, kesesine ótkeretuǵını «arqaw» dep ataladı. Usı ekewiniń arasına hár túrli reńdegi jún jiplerden naǵıs salınǵan, uzınlıǵı 12-15 metrlik aqbasqurlar úydiń sırtınan uwıqtıń búgilgen jerinen naǵısı ishke qaratıp tartıladı, shıyratılǵan jip bolıp pitken eki ushı uwıqqa baylanadı. Onıń naǵısları ósimlik tárizli (daraq naǵıs, shaqa naǵıs, gúl naǵıs), haywanatlardıń múshelerinen (qos múyiz, toqalaq múyiz, ǵarǵa tırnaq), sonday-aq geometriyalıq múeshliklerden ibarat bolıp uwıklardıń arasınan anıq kórinip turadı, aralas usıl úlgisi menen toqıladı. Aqbasqurdıń tómenine kerege menen uwıqtıń birikken jerinen joqarıǵa naǵısı ishke qaratılıp sırttan «qızıl basqur» tartıladı[3, B.11]. Bul da otawdıń ishki bezew buyımı, qoldan iyirilgen jún jipten terme, yaǵnıy túksiz palas usılında toqıladı, naǵısları iri «bawırsak gul» naǵıslardan, geometriyalıq múeshliklerden ibarat.

Beldew menen beljiptiń toqılıw usılı tap aqbasqurdaǵıday boladı, ayırmashılıǵı hár bir pitken naǵıstıń arasına kesesine terme usıl menen bir neshe qatar mayda naǵıslar toqıladı. Beljip aq basqurǵa usap qara úydiń sırtınan naǵısı ishke qaratılıp keregeniń dál ortasınan tartıladı. Al, beldew bolsa qara úy tigilip, shiy tutılǵan soń, beljiptiń tusınan sırt jaǵınan tutıladı hám naǵısı sırttan kórinedi. Xalıq dástanlarındaǵı «beldewge atın bayladı» degen qatarlar beldewdiń qara úydiń sırtqı bezewi ekeninen derek berse kerek. Bulardan basqa ishki bezewler haqqında aytsaq, esikqas, qarshın, ishki janbaw, iynbaw, tórge kesispe ( aykısh-uykısh) etip tartılatuǵın kerege kórinisindegi múeshliklerdi payda etip turǵan qızıl qur, aralas qur, túrkmen qurlar, toǵınnan tómenge qaray tartılǵan bir neshe jup shanaraq baw, ( geyde bunı ayak baw dep ataydı) ızba, dizbe, kerege baw, kergiler hám shanashlar bar. Esikqas qara úydin ergeneginiń joqarısına tutılatuǵın uzınsha kórinisli kishkene gilemshe, túkli usıl menen toqılıp «múyiz» naǵıslar menen bezeledi. Usı esikqastıń eki qaptalınan tómenge qaray qıyalap ishki janbaw tartıladı. Janbawdıń toqılıw texnikası aralas usılda naǵıslap toqıladı, shetlerine «shayan túyin» texnikasında islengen shashaqlar salınadı. Iyinbaw - ensiz bezew bolıp ishki janbawdıń sál joqarısınan tartıladı. Kergi – qara úydiń shep tárepine keregege ildiriletuǵın astarlanǵan enli qalta kórinisli buyım, ishine aǵash tabaq, shómish, qasıklar salınadı. Qarshın-túkli usılda toqılǵan, astarlanǵan ensiz kishkene gilemshe, naǵısları «qarshıngúl», «taytuyaq» atamalarınan ibarat, qara úydiń tórine qoyılatuǵın oyma naǵıslı sandıqtıń ústine júktiń astına jıynalatuǵın, ishine kiyim salınatuǵın buyımnıń bet jaǵı bolıp esaplanadı. Kiyimlerdi salıp qoyatuǵın ekinshi buyımnıń atı «boǵjama» dep ataladı, bul jún jipten naǵıssız etip alasha texnikasında toqıladı eki sheti úsh múeshlik etip tigiledi. Qaraúydiń shańaraǵınan tómenge qaray tartılǵan reńli jiplerden esilip islengen bawlardıń ushları pópeklenip, jup-juptan baylanadı. Sonday-aq tap usınday kerege bawlar qara úydiń bir neshe jerinen aynaldırıp baylanadı. Jası úlkenlerdiń bergen maǵlıwmatlarına qaraǵanda bunday shashaqlı bawlar perzentler, aqlıq-shawlıqlar kóp bolıp, túbi bir shaqası mıń bolsın degen tilekti bildiredi eken. Ízba ensiz terme usılda toqılǵan buyım, jińishke kórinisli, keregelerdi bir-biri menen biriktiriwde, al, dizbe bolsa keregelerdiń bekkem turıwı ushın tartıp baylawda qollanıladı. Aldıńǵı úzikke tigilip ishten tórge kesispe kórinisinde tartılatuǵın qurlar geometriyalıq naǵıslar menen ápiwayı terme usıl menen toqıladı.

Qara úydiń sırtqı bezewlerine beldew, bel arqan, túp qazıq, aldınǵı úzik, artqı úzik, tuńlik, shiy, (bardamlı úylerdiń shiyi naǵıslı etip toqılıp bunı «jez shiy» dep ataǵan) shiy esik, artqı úzikke tigilip aldına ayqastırıp tartılǵan aqqurlar, ergenektiń eki shetine tutılatuǵın shiyónirden joqarıǵa qarap tartılatuǵın sırtqı janbaw, shiy

esiktiń tómenine tağılatuğın suwağar, úziktiń shetine tigiletuğın baqalaq, kóz tilden saqlaw ushın esikke ildiriletuğın jawrınsha-tumarlar kiredi. Úzik, túńlikler juqa etip basılğan kiyizden islenedi, bir neshe jerinen tarttırıp baylap koyatuğın jipleri boladı. Bulardan basqa qara úydi qattı dawıl jığıp ketpewi ushın jerge qazıq qağıp tarttırıp baylap qoyatuğın bel arqanı ( bul ayrım jerlerde beldew qazıq, gindik qazıq dep atalğan) da bolğan.Úziktiń túrlerine qarap, barlıq sán-saltanatı menen bezelgen qara úyler « aq otaw», «boz otaw» dep aytılğan.

Qara úydiń ishinde dál ortada tórt qırlı oshaq ılaydan islenip, (átashtan) tep-tegis etip sıbap qoyılğan, onıń táreplerine qağılğan taqtay «alaqshın» dep atalğan, al tór betine eshkiniń júninen toqılğan nağıslı dásturxan jayılğan. Oshaqqa ot jağılıp onıń tútini joqarıdağı ashıp qoyılğan túńlikten shıqqan. Ot óshken soń túnlikti arnawlı uzın baqan menen jawıp úydegi ıssılıqtı saqlağan. Burıńğı waqıtları qısta qara úydiń ishi jıllı bolıwı ushın onıń sırtın qalıń kiyizler menen orap qoyğan. Otawdıń eń tórinde ústine qarshın, boğjama, kórpe-tósek, quraq kórpesheler jıynalğan sandıq qoyılıp eń sıylı orın bolıp miymanlar otırğan. Al, oń tárepinde er adamlar jasına qaray jayğasıp, olarğa tiyisli attıń er-turmanları, aq baslı er, qamshı, alamoynaq duwtar, shógirme, shapan h.t.b. kiyimler keregege ildirilgen. Shep tárepte bolsa qız-kelinshekler otırıp, olardıń kiyimleri, kergi, sabayak, shanash, gúbi, astaxta x.t.b. qoyılğan. Ulıwma qara úydiń oń tárepi júdá kásietli, kieli orın dep esaplanğan. Qara úyge kirgende pás ergenek-esiktiń jağdayına bola kim kirse de enkeyip kiredi, demek bul sol úyge degen húrmetti bildiredi. (Ayrım jası úlken ğarrılar ergenekten eńkeyip kiriw úyshilerdiń piri Ibrahim Halilge degen húrmet dep aytqan).

Qara úydiń baw-shuwların, yağnıy biz joqarı da sóz etken gilemshilik úlgilerin hár bir qız toqıp biliwi shárt bolğan. Sebebi, sheberlik penen toqılğan usı múlklerge qarap olarğa jası úlkenler sın bergen. Sonıń ushında xalıq arasında «sepli kelin emes, epli kelin kerek» degen sózler saqlanğan. Hár bir buyımdı tokıw ushın biraz wakıt talap etilgen, birneshe jıllar dawamında qara úydi tolıq bezep bolğan. Qara úydiń súegi (ağashtan islengen bólekleri) menen barlıq bezewleri tayar bolğan soń onı «shashıw» berip tigetuğın bolğan. Bunıń ushın jaydıń qasınan arnawlı orın belgilenip, qońsı qoba, jaqın ağayinlerdi shaqırğan. Eń dáslep eki er adam qara úydiń ergenegin qublağa qaratıp tik uslap turğan. Usı esikke eki tárepten keregelerdi kerip baylawdı awıldağı belgili hayallar yamasa kátquda kempirler atqarğan. Keregeler kerilip bolğan soń eki jigit uwıqlardı ayqastırıp baylap sonıń menen shańaraqtı ortada kóterip turadı.Úy tigiwge jıynalğanlar hár kim hár jerden uwıqlardı shańaraqtağı tesiklerge shanshıp keregege baylaydı. Úydiń ağashtan islengen bólegi qurılıp tayar bolğan soń ishki hám sırtqı bezewlerin orınlı ornı menen jayğastıradı. Keregeniń sırtınan shiy

aynaldırıp oraladı, ol 3 dana bolıp artqı shiyden jaz aylarında samal kirip salqınlıqtı saqlap tursa esigine tutılǵan shiy shıbın-shirkeyden saqlaǵan. Demek, bunda, tazalıq penen birge jasawshılarǵa qolaylı barlıq sharayatlar esapqa alınǵan. Solay etip qaraqalpaqlardıń qara úyi bir kúnde hám jıǵılıp, hám tigiliwge bolatuǵın baspana bolıp xalqımız bir neshe ásirler dawamında paydalanǵan. Qaraqalpaqlardıń qara úyiniń barlıq dáskeleri, yaǵnıy, bawları onı bezep turıw menen birge durıs ornalasıwında, bekkem turıwında da úlken áhmietke ie ekeni anıq. Barlıq buyımları óz ornına qoyılıp jaqsı jayǵastırılıp tigilgen otawdıń ishine kirgen hár bir adamda ayrıqsha bir sezim payda bolıp, ájayıp gózzallıq dúnyasınan ózgeshe tásir aladı. Sonıń menen birge jasawǵa qolaylı, buzıp tigiwge ańsat, kótergende jeńil, sonday-aq qısta jıllı, jazda salqın bunday úylerge qarap biziń xalqımızdıń turmısta hámme nársege itibar menen qarap ózlerine qolaylı sharayatlardı jaratıp alǵan ushkır oy qıyal ieleri ekenine tásiyin kalamız. Bir sóz benen aytqanda qara úy xalqımızdıń ata-babalardan bizge kelip jetken biybaha miyrası bolıp ol haqqında qansha sóz etsekte arzıydı. Otaw - Qara úy qaraqalpaq xalqınıń tiykarǵı ózgesheligin kórsetetuǵın, erte dáwirlerden berman saqlanıp bizge deyin jetip kelgen eń bahalı hám quramalı milliy miyraslardıń biri.

Qaraqalpaq otawı óziniń dúzilisi hám kórinisi jaǵınan da xalqımızdıń uzaq ásirlik múlki ekenliginen dárek beredi. Aq otaw onıń bezeliwi insan aqıl-oyı hám imkaniyatlarınıń jemisi, sonıń menen birge hayal-qızlardıń sheberliginiń dáliyli bolıp tabıladı.

Otaw - Qara úy tiykarınan shańaraq, kerege, uwıq, ergenek, bosaǵa hám tulǵadan turadı. Qara úy soǵıwshı ustalardı úyshi dep ataǵan. Aǵash ustashılıqtıń bul tarawı óz aldına ayırıqsha bolıp kelgen. Qara úydi ádette jazda qurǵan. Qara úy soǵıw ushın jergilikli materiallar: jánewit, torańǵıl, aq tal yamasa aq sókit, qara tal aǵashlarınan qollanıladı.

Qara úydiń eń tiykarǵı bóleklериniń biri bul ergenek. Qara úydiń ergenegin «ergenek»shi soǵadı. Ergenek jarmalı bolıp onıń eki qaptalındaǵı eki jaqlaw mańlayshaǵa hám tabaldırıqqa kiygiziledi, jaqlawlar keregege baylanadı. Ergenek naǵıslı hám naǵıssız soǵıladı. Bul ergenekshi ustanıń uqıbınan ǵárezli. Ergenek ishke qaray ashıladı.

Úyshi hám ergenek islewshi ustalar Qaraqalpaqstan aymaǵında júdá kóp bolǵan Olardan moynaqshı Ábdixalıq úyshi, kegeylishi Ábiybulla, Ádil ustalar ergenekshi bolǵan. Kegeylishi Ernazar úyshiler qaraqalpaqta atı shıqqan aǵash ustaları bolǵan.

Qara úydiń úlken-kishiligi qanatına baylanıslı boladı. Buyırtpa boyınsha úyshi altı hám segiz qanatlı qara úyler soqqan. Usınıń menen birge ayırım waqıtları on eki

qanatlı úydi de soqqan. Ol qurıp jıǵılıwı quramalı, tez tigiledi, tez jıynaladı, jıllılıqtı jaqsı saqlaydı. Sonıń ushın tek jazda emes al, qısta da jasaǵan. Suwıqtan, ıssıdan, samaldan saqlaydı, qısta jıllı, jazda salqın bolatuǵın bolǵan.

Otawdıń bezeliwinde jigirmadan aslam buyımlar isletilgen. Bul buyımlar órmekte toqılǵan. Aqbasqur, kızıl basqur, qurlar, ishki hám sırtqı janbawlar, esik qas, belqurlar-bulardıń barlıǵı da ónermentshiliktiń jetilisken túrleri, hayal-qızlardıń uqıp hám sheberliklerinen ǵárezli.

Otawda uwıq baw, basqurlar (aq basqur, qızıl basqur), bel qur, dizbeler eki maqsette paydalanıladı. Birinshi otawdı bekkem etip turıw xızmetin atqaradı.Uwıq bawlar menen uwıqlar bekkem baylanadı. Uwıq penen keregeni basqurlar bekkem etip uslap turadı. Ishki hám sırtqı qurlar, beldew, ishki hám sırtqı janbawlar da usınday xızmet atqaradı. Eger olardıń birewi selpi baylansa otawdıń teń salmaqlıǵı joǵaladı. Ekinshi maqset otawdıń kórkemligi. Basqurlar da neǵurlım naǵıslar kóp bolıp úylesimli bolsa otaw sulıw bolıp kórinedi.

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq qara úyi - xalıqtıń kóp ásirlik tájiriybesi, injenerlik oylaw sisteması hám kórkem sheberliginiń nátiyjesi bolıp esaplanadı. Ol qaraqalpaq xalqınıń materiallıq hám ruwxıy mádeniyatınıń ajıralmas bólegi sıpatında úlken ilimiy, mádeniy hám tárbiyalıq áhmiyetke iye.

Búgingi kúnde qara úydiń tariyxın úyreniw, onı saqlaw hám kelesi áwladlarǵa jetkeriw - milliy miyrastı qorǵawdıń áhmiyetli baǵdarlarınan biri bolıp esaplanadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Baxadirova S. Qaraqalpaqlar qanday xalıq. – Tashkent: Navruz, 2017.
2. Esbergenov X. Dala materialları. – 1967. – №30.
3. Ismailov D. Dala materialları. – 1985. – №2. – B. 11–12.